




# PATISIPASYON SÈ YO NAN RASANBLEMAN IZRAYÈL LA

Prezidan Russell M. Nelson

*M ap adrese yon siplikasyon pwofetik a noumenm, fi yo nan Legliz la, pou nou modle lavni nan ede rasanble Izrayèl dispèse a.*



**S**e yon gran plezi pou m la a avèk nou, chè sè presye m yo. Petèt yon eksperyans m te fè resamman pral ba nou yon apèsi sou sa m santi pou nou ak kapasite divin nou posede yo.

Yon jou pandan m ta p pale avèk yon kongregasyon nan Amerik Disid, m te vin ekstrèmman eksite pou sijè m tap pale a, epi nan yon moman

kle, m te di: “Antanke yon *manman* 10 pitit, m ka di nou ke . . .” Epi apres a m te kontinye bay mesaj mwen an.

Mwen pat reyalize ke m te site mo *manman an*. Moun ki t ap tradui pou mwen an, ki te asime ke sete yon erè, te chanje mo *manman an* pou *papa*, konsa, kongregasyon an pat janm konnen ke m te fè referans ak tèt mwen kòm *manman*. Men, madanm mwen Wendy te tande l, epi l te anchante de erè m nan.

Nan moman sa a, dezi pwofon nan kè m pou fè yon diferans nan mond lan—jan sèl yon *manman* ka fè—te bouyi andedan kè mwen. Atravè ane yo, chak fwa yon moun te mande m poukisa m *te chwazi* vin yon doktè, repons mwen te toujou menm nan: “Paske m pa t ka *chwazi* pou m te yon *manman*.”

Tanpri note ke chak fwa m itilize mo *manman* an, m ap pale sèlman konsènan fi ki fè pitit yo oubyen fi ki adopte timoun yo nan lavi sa a. M ap pale konsènan *tout* pitit fi adilt Paran Selès nou yo. *Chak* fi se yon manman akòz merit nati divin etènèl li.

Donk, aswè a, antanke *papa* 10 pitit—*nèf* pitit fi ak yon pitit gason—epi antanke Prezidan Legliz la, mwen priye pou nou ka santi santiman pwofon m genyen pou nou—apwopo kiyès nou ye ak tout bon bagay nou ka fè. Pèsonn pa ka fè sa yon fi jis ka fè. Pèsonn pa ka imite enfliyans yon manman.

Mesye yo kapab kominike lanmou Pè Selès la ak Sovè a pou lòt moun epi yo souvan fè sa. Men, fi yo gen yon don espesyal pou sa—yon dotasyon diven. Nou gen kapasite pou nou santi sa yon moun bezwen—ak *lè* l bezwen li. Nou ka lonje lamèn, rekonfòte, anseye, ak fòtifye yon moun nan moman li plis gen bezwen an.

Fi yo wè bagay yo diferaman de gason yo, epi oh, nou vrèman bezwen pwendvi nou! Nati nou pouse nou pou n panse ak lòt moun *dabò*, pou n konsidere efè chak aksyon nou ap fè sou lòt moun.

Jan Prezidan Eyring te fè remak la, sete Manman gloriye nou Èv —avèk vizyon alontèm li te genyen sou plan Pè Selès la—ki te deklanche sa nou rele “Chit la.” Chwa saj chaje kouraj li a ak desizyon Adan pou te sipòte l la te fè plan bonè Bondye a avanse. Yo te rann posib pou nou chak vini sou tè a, resevwa yon kò, epi pwouve ke nou t ap chwazi pran pozisyon pou Jezikri *kounyea*, menmjan nou te fè nan lavi premòtèl la.

Chè sè m yo, nou gen don ak talan espiyèl espesyal. Aswè a mwen egzòte nou, avèk tout espwa kè mwen, pou nou priye pou n ka konprann *don espiyèl nou yo*—pou nou kiltive yo, itilize yo, ak devlope yo, plis pase jan nou te janm fè anvan. N ap chanje mond lan si nou fè sa.

Antanke fi, nou enspire lòt moun epi tabli yon modèl diy pou moun suiv. Kite m ba nou yon ti apèsi sou kontèks de nan gwo anons enpòtan ki te fèt nan dènye konferans nou an. Noumenm, chè sè m yo, nou sete kle pou yo chak.

Premyèman, sèvis pastoral. Egzanp siprèm pou sèvis pastoral se egzanp Sovè nou an, Jezikri. Jeneralman, fi yo toujou pi pre egzanp sa a pase gason yo, epi sa te toujou konsa. Lè n ap sèvi vrèman, nou suiv enpresyon nou resevwa pou ede yon lòt moun plis fè eksperyans lanmou Sovè a. Tandans pou sèvi a tou natirèl lakay fi vètèye yo. Mwen konnen fi ki priye chak jou pou mande: “Kiyès ou ta renmen m ede jodia?”

Anvan anons Avril 2018 la konsènan fason pi elve ak pi sakre pou nou pran swen lòt moun nan, tandans kèk nan gason nou yo sete tcheke ke yo te “konplete” tach vizit ofwaye yo epi pase nan pwochen tach la.

Men noumenm sè yo, lè *nou* te santi yon sè nou te gen tach pou vizite te bezwen èd, nou te reponn ime-dyatman epi nou te kontinye pandan tout mwa a. Konsa, sete *fason* nou te fè vizit ofwaye nou yo ki te enspire n chanjman sa a pou sèvis pastoral la.

Dezyèmman, nan dènye konferans jeneral la, nou te reyòganize kowòm Prèttriz Melkisedèk yo. Lè nou t ap priye pou nou te konn kijan pou n te ede gason yo nan legliz la vin pi efikas nan responsablite yo, nou te atantivman egzamine egzanp Sosyete Sekou.

Nan Sosyete Sekou, fi nan tout laj ak tout etap nan lavi a reyini ansanm. Chak deseni nan lavi a mache avèk difikilte pa l, epoutan *nou* toujou la, semèn aprè semèn, tout ansanm, ap pwogrese ak anseye levanjil la ansanm, ap fè yon diferans reyèl nan mond lan.

Kounyea, dapre egzanp nou, detantè Prèttriz Melkisedèk yo se manm kowòm ansyen yo. Mesye sa yo gen laj soti 18 rive 98 (petèt plis), avèk menm eksperyans tout osi varye nan prèttriz la ak nan Legliz la. Kounyea, frè sa yo kapab kreye lyen fratènèl pi solid, aprann ansanm, epi beni lòt pi efikasman.

Nou sonje ke, nan mwa Jen k sot pase a, Sè Nelson avèk mwen te pale avèk jèn yo nan Legliz la. Nou te envite yo pou yo te anwole nan yon batayon jèn pou Senyè a pou ede rasanble Izrayèl nan toulède bò vwal la. Rasanbleman sa a se “*pi gran* defi, *pi gran* kòz, ak *pi gran* travay sou tè a jodia!”<sup>1</sup>

Se yon kòz ki dezespereman bezwen fi yo, paske fi yo modle lavni. Donk aswè a, m ap lanse yon apèl pwofesik bay noumenm, fi yo nan Legliz la, pou nou modle lavni nan ede ransable Izrayèl dispèse a.

Kikote nou ka kòmanse?

Kite m lanse *kat envitasyon*:

Premyèman, mwen envite nou nou patisipe nan yon 10-jou jèn lwen medya sosyal ak tout lòt medya ki ka pote panse negatif ak enpi nan lespri nou. Priye pou n ka konnen ki enfliyans pou nou retire pandan jèn nou an. Resilta 10 jou jèn sa yo ka yon sipriz pou nou. Kisa nou remake apre nou fin pran yon brek lwen enfliyans mond lan ki t ap blese lespri nou yo? Èske gen yon chanjman nan kote nou vle itilize tan nou ak enèji nou *kounyea*? Èske youn nan priyorite nou yo chanje—menmsi se jis tou piti? Mwen egzòte nou pou nou ekri chak enpresyon nou resevwa epi suiv yo.

Dezyèmman, mwen envite nou pou nou li Liv Mòmou an ant jodia rive nan fen ane a. Menmsi sa ka parèt prèske enposib avèk tout sa n ap eseye jere nan lavi nou yo, si nou aksepte envitasyon sa a avèk yon kè byen detèmine, Senyè ap ede nou jwenn yon fason pou nou akonpli l. Epi, si nou etidye nan lapriyè, mwen pwomèt ke syèl yo ap louvri pou nou. Senyè a ap beni nou avèk plis enspirasyon ak revelasyon.

Pandan n ap li, m ta ankouraje nou pou nou make chak vèsè ki pale de Sovè a oubyen ki fè referans avèk li. Apresa, se pou nou pale libreman de Kris la, rejwi nan Kris la, epi preche sou Kris la avèk fanmi nou ak zanmi nou.<sup>2</sup> Noumenm avèk yo ap vin pi pre Sovè a atravè pwosesis sa a. Epi ap gen chanjman, mirak menm, k ap kòmanse rive.

Maten an, te gen yon anons ki te fèt konsènan nouvo orè pou jou Dimanch yo ak yon nouvo pwogram ki santre sou fwaye a, ki sipòte pa Legliz la. Noumenm, chèn sè m yo, nou se kle siksè nouvo efò balanse ak kowòdone sa a pou anseye levanjil la. Tanpri anseye moun nou renmen yo sa n ap aprann nan ekriti yo. Anseye yo kijan pou yo vire vè Sovè a pou yo ka jwenn pouvwa li pou geri ak netwaye yo lè yo peche. Epi anseye yo kijan pou yo atire pouvwa li pou fòtifye a chak jou nan lavi yo.

Twazyèmman, pran abitid pou n al nan tanp regilyèman. Sa ka mande yon tikras plis sakrifis nan lavi nou. Si nou ale nan tanp pi regilyèman, sa ap pèmèt Senyè a anseye nou kijan pou nou atire pouvwa prètiz li a ke yo te dote nou nan tanp li a. Pou moun ki p ap viv pre yon tanp yo, m ap envite nou pou ke, nan lapriyè, nou etidye tout bagay konsènan tanp nan ekriti yo ak nan pawòl pwofèt vivan yo. Chèche pou nou *konnen* plis, pou nou *konprann* plis, pou nou *santi* plis konsènan tanp yo pase janmè anvan.

Nan devosyon mondyal pou jèn yo mwa Jen k sot pase a, m te pale de yon jenòm ki te gen lavi l chanje lè paran l te ranplase telefòn “smartphone” li a pa yon telefòn regilye. Manman jenòm sa a se yon fi lafwa plen kouraj. Li te wè pitit gason l lan t ap pran wout ki te ka anpeche l sèvi yon misyon. Li te pote siplikasyon li nan tanp lan pou l te ka konn kijan pou l te pi byen ede pitit gason l lan. Apresa li te suiv chak enpresyon l te resevwa.

Li te di: “M te santi Lespri a pouse m pou m te tcheke telefòn pitit gason m nan dè moman byen espesifik pou

m te ka jwenn dè bagay espesifik. M pa konn anyen nan fason pou itilize “smartphone” sa yo men, Lespri a te gide m atravè tout medya sosyal ke m pa menm itilize! Mwen konnen Lespri a ede paran k ap chèche gidans pou pwoteje pitit yo. [Okòmansman] pitit gason m te fache anpil kont mwen. . . . Men apre twa jou sèlman, li te remèsye m! Li te ka santi diferans la.”

Konpòtman ak atitid pitit gason l lan te chanje radikalman. Li te vin bay plis èd nan fwaye a, li te souri plis, epi l te vin pi atantif nan legliz la. Li te kontan sèvi nan sal batèm nan tanp lan pandan yon ti tan pandan l t ap prepare l pou misyon li.

Katriyèm envitasyon m nan, pou noumenm ki gen laj la, se patisipe totalman nan Sosyete Sekou. Mwen egzòte nou pou nou etidye deklarasyon aktyèl sou objektif Sosyete Sekou a. Li enspiran. Li ka gide nou nan devlope pwòp deklarasyon pa nou pou pwòp lavi pa nou. Mwen sipliyè nou tou pou nou savoure verite nan deklarasyon Sosyete Sekou ki te pibliye sa gen preske 20 tan an.<sup>3</sup> Gen yon kopi ankadre deklarasyon sa a ki sou mi biwo Premyè Prezidans lan. Mwen ranpli lajwa *chak* fwa mwen li l. Li dekri kiyès nou ye ak kimoun Senyè a vle nou ye nan moman *presi* sa a pandan n ap fè pati *pa nou* an pou rasanble Izrayèl dispèse a.

Chèn sè mwen, nou bezwen *ou!* Nou “bezwen fòs *ou*, konvèsyon *ou*, konviksyon *ou*, kapasite *ou* pou dirije, sajès *ou*, ak vwa *ou*.”<sup>4</sup> Nou tou senpleman pa ka rasanble Izrayèl san oumenm.

Mwen renmen nou epi remèsye nou epi kounyea m beni nou avèk kapasite pou nou kite mond lan dèyè pandan na p ede nan travay enpòtan ak ijan sa a. Ansanm nou ka fè tout sa Pè Selès nou an bezwen nou fè pou prepare mond lan pou Dezyèm Vini Pitit Gason l lan.

Jezi se Kris la. Sa a se Legliz pa li. Konsènan sa mwen temwaye nan non Jezikri, amèn.

#### NÒT

1. Russell M. Nelson, “Hope of Israel” (devosyon mondyal pou jèn yo, 3 Jen 2018), [HopeofIsrael.lds.org](http://HopeofIsrael.lds.org).
2. Gade 2 Nefi 25:26.
3. Pou deklarasyon Sosyete Sekou a, gade Mary Ellen Smoot, “Rejwi, pitit fi Siyon yo,” *Lyawona*, Janvyè 2000, 111–14.
4. Russell M. Nelson, “A Plea to My Sisters,” *Lyawona*, Novanm 2015, 96; italik ajoute.

# NON KORÈK LEGLIZ LA

Pa Prezidan Russell M. Nelson

*Jezikri te kòmande nou pou n rele Legliz la pa non li paske se Legliz li, ki ranpli avèk pouvwa li.*



F rère ak Sè byenneme m yo, nan bèl jou Saba sa a, nou rejwi ansanm nan pil benediksyon Senyè a ba nou yo. Nou rekonesan pou temwayaj nou sou levanjil retabli Jezikri a, pou sakrifis nou fè pou n rete oubyen retounen sou wout alyans li a, epi pou sèvis devwe nou nan Legliz li a.

Jodia, m santi m pouse pou m abòde yon sijè ki gen gwo enpòtans. Sa gen kèk semèn, m te pibliye yon deklarasyon konsènan rektifikasyon non Legliz la.<sup>1</sup> Mwen te fè sa paske Senyè a te fè m konprann enpòtans non li te dekrete pou Legliz li a, Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.<sup>2</sup>

Jan nou te ka atann, reyaksyon k te genyen pou deklarasyon sa a ak gid stilistik revize sa a<sup>3</sup> te varye. Anpil manm te imedyatman korije non Legliz la sou blòg ak sou paj medya sosyal yo. Gen lòt ki t ap mande tèt yo poukisa, avèk tout sa k ap pase nan mond lan, li te nesesè pou nou ensiste sou yon bagay ki si “san konsekans” konsa. Epi gen kèk ki te di sa pa t ap ka fèt, e yo t ap mande yo poukisa n ap menm eseye fè l? Kite m eksplike poukisa nou sousye anpil pou bagay sa a. Men, toudabò, kite m di nou kisa efò sa a pa ye:

- Li *pa* yon chanjman non.
- Li *pa* chanjman yon mak.
- Li *pa* yon zafè kosmetik.
- Li *pa* yon fantezi.
- Epi li *pa* san konsekans.

Okontrè, li *se* yon koreksyon. Li *se* yon kòmandman Senyè a. Joseph Smith pa t decide non Legliz retabli a pou tèt pa li; ni Mòmmon non plis. Se Sovè a limenm ki te di: “Paske se konsa legliz mwen an pral rele nan dènnye jou yo, ki vledi Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.”<sup>4</sup>

Menm anvan sa, nan ane 34 Anvan Kris la, Senyè a te bay manm Legliz li yo menm enstriksyon an lè l te vizite yo nan Kontinan Ameriken an. Nan moman sa a, li te di: “Nou dwe bay legliz la pote non mwen. . . .

“Epi, kouman pou li ta legliz mwen si l pa pote non mwen? Paske, si yon legliz pote non Moyiz, se legliz

Moyiz li ye; oubyen si l pote non yon moun, se legliz moun nan; men si l pote non mwen, se legliz mwen li ye, si l fonde sou levanjil mwen an.”<sup>5</sup>

Donk, non Legliz li a pa negosyab. Lè Sovè a klèman deklare kisa non Legliz li a dwe ye, e menm pre-sede deklarasyon l la pa pawòl sa yo: “Se konsa legliz mwen an pral rele,” li serye. Epi, si nou pèmèt yo itilize tinonjwèt oubyen nou adopte oubyen menm sipòte tinonjwèt sa yo noumenm, nou ofanse li.

Kisa k nan yon non, nan ka sa a, yon tinon? Nan sa k konsène tinon Legliz la, tankou “Legliz LDS,” “Legliz Mòmmon” an, oswa “Legliz Sen Dènnye Jou yo,” bagay ki pi enpòtan *nan* non sa yo se *absans* non Sovè a. Retire non Senyè a nan non Legliz Senyè a se yon gwo viktwa pou Satan. Lè nou *retire* non Sovè a, nou sibtilman ap *inyore* tout sa Jezikri te fè pou nou—menm Sakrifis Ekspyatwa l la.

Ann konsidere sa nan pwendvi pa li: Nan lavi premòtèl la, li sete Jewova, Bondye Ansyen Testaman an. Sou direksyon Papa li, li sete Kreyatè mond sa a ak lòt mond.<sup>6</sup> Li te chwazi soumèt anba volonte Papa lepi fè yon bagay pou tout pitit Bondye yo ke okenn lòt moun pa t ka fè! Li te konsanti pou l te vini sou tè a kòm Sèl Pitit Literal Papa a nan lachè, yo te britalman ensilte li, moke li, krache sou li, ak flajele li. Nan Jaden Jetsemani an, Sovè nou an te pran sou tèt li *tout* doule, *tout* peche, ak *tout* angwas ak soufrans oumenm avèk mwen epi tout moun ki te viv oswa ki pral viv p ap *janm* eksperimante. Anba pwa fado atwòs sa a, li te senyen nan tout twou kò li.<sup>7</sup> Tout soufrans sa a te entansifye lè yo te krisifye l kriyèlman sou kwa Kalvè a.

Atravè eksperyans atwòs sa yo ak Rezireksyon l nan apre a—Espyasyon enfini l la—li akòde tout moun imòtalite, epi l rachte nou chak anba konsekans peche, akondisyon pou nou repanti.

Apre Rezireksyon Sovè a ak lanmò Apot li yo, mond lan te plonje nan plizyè syèk tenèb. Apresa, nan ane 1820 an, Bondye Papa a ak Pitit gason l lan, Jezikri, te parèt devan Joseph Smith pou yo te kòmanse Retablisman Legliz Sen yè a.

Aprè tout sa l te andire—apre tout sa l fè pou limanite—mwen reyalize avèk pwofon regrè ke nou envolonètman konsanti pou rele Legliz retabli Senyè a pa lòt non, chak nan non sa yo efase non sakre Jezikri a!

Chak Dimanch lè nou pran sentsèn nan diyman, nou renouvle pwomès sakre nou te fè Pè Selès la pou nou dispoze pou pran non Pitit Gason l lan Jezikri, sou tèt nou. Nou pwomèt pou nou suiv li, pou nou repanti, kenbe kòmandman l yo, epi *toujou* sonje li.

Lè nou retire non l nan Legliz li a, san nou pa rann nou kont, nou retire *li* kòm sant lavi nou.

Pran non Sovè a sou nou mande pou nou deklare ak temwaye bay lòt moun—atravè aksyon nou ak pawòl nou—ke Jezi se Kris la. Èske nou sitèlman pè pou n pa *ofanse* yon moun ki rele nou “Mòmmon” ke nou pa *defann* Sovè a limenm, pou n pran pozisyon pou li menm nan zafè non yo rele Legliz li a?

Si noumenm, antanke pèp epi endividyèlman, nou dwe gen aksè nan pouvwa Ekspyasyon Jezikri a—pou netwaye nou ak geri nou, pou fòtifye nou ak mayifye nou, epi finalman egzalte nou—an, nou dwe klèman rekonèt li kòm sous pouvwa sa a. Nou ka kòmanse nan rele Legliz li a pa non ke l te dekrete a.

Pou pifò mond lan, Legliz Senyè a aktyèlman rekonèt kòm “Legliz Mòmmon” an. Men, noumenm, kòm manm Legliz Senyè a, nou konn kiyès ki kanpe alatèt li: Jezikri limenm. Malerezman, anpil moun ki tande tèm *Mòmmon* an ka panse ke nou adore Mòmmon. Se pa vre! Nou onore ak respekte ansyen pwofèt Ameriken admirab sa a.<sup>9</sup> Men nou *pa* disip Mòmmon. Nou se disip Senyè a.

Nan premye tan retablisman Legliz la, yo te souvan itilize ekspresyon tankou *Legliz Mòmmon* ak *Mòmmon yo*<sup>10</sup> kòm kalifikatif—kòm tèm ensilt ak jouman—ke yo te bay pou te efase men Bondye nan retablisman Legliz Jezikri a nan dènye jou sa yo.<sup>11</sup>

Frè m ak sè m yo, gen anpil agiman pwofan ki kanpe kont ide pou retabli non kòrèk Legliz la. Akoz mond dijital na p viv jodia epi avèk kapasite amelyore motè rechèch ki ede nou jwenn enfòmasyon nou bezwen an prèske enstantanman an—enkli enfòmasyon sou Legliz Senyè a—kritik yo di ke yon koreksyon nan moman sa a pa fè sans. Gen lòt moun ki panse paske yo deja telman rekonèt nou kòm “Mòmmon” epi kòm “Legliz Mòmmon” an, nou ta dwe jis pwofite de sa.

Si sete yon diskisyon konsènan yon òganizasyon ki te kreye pa lèzòm, agiman sa yo ta ka pase. Men, nan sijè vital sa a, nou tounen nou vè moun ki se mè Legliz sa a epi nou rekonèt ke fason Senyè a pa, e pa p janm, fason

lèzòm. Si nou pasyan epi nou fè pati pa nou an byen, Senyè a ap gide nou atravè tach enpòtan sa a. Aprè tou, nou konnen ke Senyè a ede moun ki chèche fè volonte li, menmjan l te ede Nefi akonpli tach pou l te konstwi yon bato pou travèse lanmè a.<sup>12</sup>

Nou pral veye pou nou gen koutwazi ak pasyans nan efò nou pou korije erè sa yo. Medya serye yo pral fè prèv senpati nan reponn rekèt nou an.

Nan yon konferans jeneral anvan sa, Èldè Benjamin De Hoyos te pale de yon sitiyasyon konsa. Li te di:

Sa gen kèk ane, pandan m t ap sèvi nan biwo zafè piblik Legliz la nan Meksik, [yon konpayon avèk mwen] te resevwa envitasyon pou n te patisipe nan yon emisyon radyo. . . . [Youn nan direktè pwogram yo], te mande [nou], ‘Poukisa Legliz la gen yon non ki long konsa?’

“Konpayon m nan avèk mwen te souri pou kesyon mayifik sa a epi nou te kòmanse eksplike ke se pa lòm ki te chwazi non Legliz la. Se Sovè a ki te bay li. . . . Direktè pwogram nan te imedyatman reponn avèk respè: ‘Si se konsa, nou pral repete l avèk gran plezi.’<sup>13</sup>

Resi sa a ba nou yon modèl. Youn pa youn, sa pral mande maksimòm efò pèsònèl nou pou n korije erè ki te glise antre sa a atravè ane yo.<sup>14</sup> Rès mond lan gen dwa suiv egzanp nou ou pa nan rele nou pa non kòrèk la. Men sa t ap ipokrit si, bò kote pa nou, nou pa kontan lè mond lan rele Legliz li a ak manm li yo pa yon move non pandan ke noumenm n ap fè menm bagay la.

Gid revize nou an ka ede. Li deklare: “An premye referans, li ta pi bon pou n itilize non konplè Legliz la: ‘Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.’ Si nou ta bezwen yon [dezyèm] vèsyon abreje, nou rekòmande tèm ‘Legliz la’ oswa ‘Legliz Jezikri’ a. ‘Legliz retabli Jezikri’ a kòrèk e nou rekòmande l tou.”<sup>15</sup>

Si yon moun ta mande, “Èske w se yon Mòmmon?” ou ka reponn: “Si w ap mande m si m se yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, wi, mwen se youn!”

Si yon moun mande, “Èske w se yon Sen Dènye Jou?”<sup>16</sup> ou gen dwa reponn: “Wi, m se youn. Mwen kwè nan Jezikri epi m se manm Legliz retabli l la.

Chè frè m ak sè m yo, mwen pwomèt nou ke, si nou fè tout sa n kapab pou retabli non kòrèk Legliz Senyè a, limenm ki se mè Legliz sa a ap devèsè pouvwa ak benediksyon l sou tèt Sen Dènye Jou yo,<sup>17</sup> nan fason nou pa t janm wè. N ap gen konesans ak pouvwa Bondye pou ede nou pote benediksyon levanjil retabli Jezikri yo bay chak nasyon, ras, lang, ak pèp epi prepare mond lan pou Dezyèm Vini Senyè a.

Donk, kisa k gen nan yon non? Nan sa ki gen pou wè ak non Legliz Senyè, repons lan se “Tout bagay!” Jezi-kri te enstwi nou pou n rele Legliz la pa non li paske se Legliz li, ki ranpli avèk pouvwa li.

Mwen konnen Bondye vivan. Jezi se Kris la. L ap dirije Legliz li a jodia. Mwen rann temwanyaj konsènan sa nan non sakre Jezikri, amèn.

#### NÒT

1. “Senyè a te fè m konprann enpòtans non li te dekrete pou Legliz li a, ki se Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Nou gen travay devan nou pou konfòme nou avèk volonte li. Nan semèn ki sot pase yo, anpil dirijan ak depatman nan Legliz la te kòmanse etap ki nesèsè yo pou fè sa. Ap gen enfòmasyon adisyonèl sou bagay enpotan sa a ki pral disponib nan mwa k ap vini yo” (Russell M. Nelson, nan “Non Legliz la” [deklarasyon ofisyèl, 16 Out, 2018], mormonnewsroom.org).
2. Gen kèk Prezidan Legliz anvan yo ki te fè menm demann nan. Pare-gzanp, Prezidan George Albert Smith te di: “Pa fè Senyè a desè nan rele Legliz sa a Legliz Mòmmon. Li pa t rele l Legliz Mòmmon” (nan Conference Report, Avril 1948, 160).
3. Gade “Gid Referans—Non Legliz la,” mormonnewsroom.org.
4. Doktrin ak Alyans 115:4.
5. 3 Nephi 27:7–8.
6. Gade Moyiz 1:33.
7. Gade Doktrin ak Alyans 19:18.
8. Gade Mowoni 4:3; Doktrin ak Alyans 20:37, 77.
9. Mòmmon sete youn nan kat otè prensipal nan Liv Mòmmon an, lòt yo sete Nefi, Jakòb, ak Mowoni. Tout sete temwen vizyèl Senyè a, tankou tradiktè enspire l la, Pwofèt Joseph Smith.
10. Menm mo *Mòmmonit* la te fè pati tèm was derizyon moun yo te anplwaye (gade *History of the Church*, 2:62–63, 126).
11. Gen lòt kalifikatif yo sanble yo te itilize tou nan epòk Nouvo Testaman an. Pandan pwosè Apot Pòl devan Felix la, yo te Pòl sete “yon chèf sèk Nazareyen an” (Travay 24:5). Konsènan itilizasyon ekspresyon “Nazareyen yo,” yon kòmantatè te ekri: “Sa sete abityèlman non yo te rele kreyen yo pou te ensilte yo. Yo te rele yo konsa paske Jezi te soti Nazarèt” (Albert Barnes, *Notes, Explanatory and Practical, on the Acts of the Apostles* [1937], 313).  
Konsa tou, yon lòt kòmantatè deklare: “Menmjan yo te rele Senyè nou an ‘Nazareyen an’ avèk mepri a (Matye xxvi. 71), se konsa Juif yo te rele disip li yo ‘Nazareyen.’ Yo pat vle admèt ke yo sete Kreyen, *ki vle-di* disip Mesi a” (*The Pulpit Commentary: Travay Apot yo*, ed. H. D. M. Spence ak Joseph S. Exell [1884], 2:231).  
Nan menm sans lan, Èldè Neal A. Maxwell te fè remake: “Atravè istwa ekriti yo, nou jwè efò repete pou rabese pwofèt yo yon fason pou rejte yo—pou ba yo non yon fason pou diminye yo. Men, pi souvan, kon-tanporen yo ak istwa jeneral te senpleman inyore yo. Aprè tou, yo te senpleman rele premye Kreyen yo ‘sèk Nazareyen yo.’ (Travay 24:5.)” (“Out of Obscurity,” *Ensign*, Novanm 1984, 10).
12. Gade 1 Nepi 18:1–2.
13. Benjamín De Hoyos, “Called to Be Saints,” *Lyawona*, Me 2011, 106.
14. Pandan nou pa gen okenn kontwòl sou jan lòt moun rele nou, nou gen kontwòl total sou fason nou fè referans ak tèt pa nou. Kijan nou ka atann pou lòt moun onore non kòrèk Legliz la si nou menm kòm manm Legliz la nou pa fè sa?
15. “Gid Referans—Non Legliz la,” mormonnewsroom.org.
16. Mo *sen* an itilize souvan nan Bib la. Nan Epit Pòl pou Efezyen yo, paregzanp, li te itilize mo *sen* an omwen yon fwa nan chak chapit. Yon sen se yon moun ki kwè nan Jezikri epi k ap fè efò pou suiv li.
17. Gade Doktrin ak Alyans 121:33.